# Меморандумға қол қойылды

2020-жылдың 20-ноябрь күни Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы судында Қарақалпақстан Республикасы судлары менен Қарақалпақстан Республикасы Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў министрлиги арасында өза-ара бирге ислесиў ҳаққындағы Меморандумға қол қойылды.

Image not found or type unknown

Илажда Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығы орынбасары, Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў министри С.Турманов, Жынаят ислери бойынша судының баслығы Г.Базарбаева, Пуқаралық ислери бойынша судының баслығы К.Тарихов, Ҳәкимшилик судының баслығы А.Адилов, Экономикалық судының баслығы Г.Зарипова ҳәм судьялар қатнасты.

Меморандумның тийкарғы мақсети өз-ара байланысларды еле де күшейтиў, бирге ислесиўди және де жетилистириў ҳәм оны турақлы, системалы түрде жолға қойыў болып есапланады.

Image not found or type unknown

Атап өтилгениндей, пуқаралардың ҳуқуқлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплерин исенимли қорғаў бойынша ашық-айдынлықты тәмийинлеў, оларды нызамға ҳүрмет руўхында тәрбиялаў, сондай-ақ, жынаят ислеген шахсты жазалаў емес, бәлким жынаяттың келип шығыў себеплерин, факторларын терең үйрениў ҳәм кең жәмийетшиликтиң қатнасыўында толық үйренип шығыў болып

есапланады.

Бул хүжжет мәмлекетимизде исанның өмири, еркинлиги ҳәм қәдир-қымбатының ең жоқары қәдирият сыпатында тән алыныўының әмелий көриниси болыўы менен бирге, суд органлары искерлигиниң ашықлығын тәмийинлеўге ҳәм өз-ара бирге ислесиўдиң раўажланыўына хызмет етеди.

Image not found or type unknown

Қарақалпақстан Республикасы Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў министрлиги Мәлимлеме хызмети